**Wo’zbekstan Respublikasi’ Joqari’ ha’m worta arnawli’ bilimlendiriw ministirligi**

**Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**
**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’**

**Seytmuratova Miyirban**

# Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda toponimler

## Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’

**Ilimiy basshi’:** **f.i.k. A.Abdiev**
**Kafedra basli’g’i’:** **prof. M.Qudaybergenov**

**No’kis-2012**

**Jaqlawg’a ruxsat berildi:**

**Fakultet dekani’:** **doc. Q.Turdi’baev**

**Kafedra basli’g’i’:** **prof. M.Qudaybergenov**

**Ilimiy basshi’:** **f.i.k. A.Abdiev**

**Tema: Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda toponimler**

**Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’ qarari’:**

**Seytmuratova Miyirbanni’n’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na**

**«__________________» ball qoyi’lsi’n**

**“_____”iyun 2012-ji’l**

**MAK basli’g’i’: ______________________________**

**MAK ag’zalari’: ______________________________**

**____________________________________________**

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

**Jobasi’:**

**Kirisiw** ………………………………………. 4

a) **Temani’n’ aktualli’g’i’** ……………………………………….. 4

b) **Temani’n’ izertleniwi** ……………………………………….. 4

v) **Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’** ……………………… 14

**I bap. Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda qollani’latug’i’n geografiyali’q terminler** …………………………………………….. 15

**Etnotoponim** …………………………………………………… 20

**Oronim** …………………………………………………… 23

**Gidronim** …………………………………………………… 24

**II bap. Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda toponimlerdin’ fonetika-morfologiyali’q wo’zgesheligi** ………………………………………. 34

**II.1. Buwi’n quri’li’si’** ……………………………………….. 34

**II.2. Singarmonizm** ……………………………………….. 35

**II.3. Jay toponimler** ………………………………………... 41

**II.4. Qospa toponimler** ………………………………………… 42

**II.5. Qurama toponimler** ……………………………………….. 43

**Juwmaq** ……………………………………………... 47

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar** ………………………………………. 49

# Kirisiw

**Temani'n' aktualli'g'i'.** Qaraqalpaq til biliminin' aldi'nda yele sheshilmegen ma'seleler ko'p yekenligin ayri'qsha atap wo'tiw za'ru'r. Bunday ma'selelerdin' qatari'na folklorli'q shi'g'armalardi'n' til wo'zgesheliklerin ha'r ta'repleme teren' izertlew ma'selesi de kiredi. Woni'n' ushi'n awi'zeki xali'q do'retpelerinin', a'sirese da'stanlardi'n' til wo'zgesheliklerin ha'r ta'repleme u'yreniw u'lken a'hmiyetke iye. Folklorli'q shi'g'armalar xali'qti'n' tariyxi', woni'n' tilinin' tariyxi' tuwrali' ju'da' bay materiallar beredi.

Awi'zeki xali'q do'retpeleri u'lgileri qaysi' jerde do'retilgen bolsa, sol jerde jasawshi' xali'qti'n' etnografiyasi', tariyxi' tuwrali' mag'luwmat beriw menen birge, sol aymaqta jasawshi' xali'qti'n' til wo'zgeshelikleri haqqi'nda da ken' tu'sinik bere aladi'. Sonli'qtan da qaraqalpaq xali'q da'stanlari'ndag'i' toponimlerdi izertlew – ayri'qsha a'hmiyetke iye ma'selelerden biri.

Qaraqalpaq qaharmanli'q da'stanlari'ni'n' til wo'zgeshelikleri D.S.Nasi'rov, H.Hamidov, O.Bekbawlov, Sh.Abdinazimov, A. Abdiev ha'm O.Embergenovani'n' izertlewlerinde arnawli' so'z yetildi. Bizin' bul pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'z qaraqalpaq xali'q da'stanlari'nda qollani'lg'an toponimlerdi izertlewge arnalg'an.

**Temani'n' izertleniwi.** Onomastika leksikologiyani'n' menshikli atlardi' izertleytug'i'n bir tarawi' boli'p, woni'n' wo'zi de Toponimika, Antroponimika, Etnonimika, Ornitologiya ha'm t.b bir neshe tarawlarg'a bo'linedi.

**Toponimika**- onomastikani'n' jer-suw atlari'n izertleytug'i'n bo'limi. Toponimikani' u'yreniw bizge ko'p na'rselerdi ani'qlawg'a ja'rdem beredi. Sebebi belgili bir aymaqta jasag'an xali'qlar, wolardi'n' uri'wi' ha'm taypalari' haqqi'nda belgili bir ma'mlekettin' shegarasi' sonday-aq, sol aymaqta jasag'an adamlardi'n' u'rp-a'deti ka'sibi si'yaqli' bir qatar faktorlardi' ani'qlawg'a ja'rdem beredi. Toponimler xali'q tilinin' rawajlani'w basqi'shlari'n wondag'i' ha'r tu'rli wo'zgerislerdi ani'qlawda tiykarg'i' materiallardan biri. Toponimler xali'qti'n' ja'miyettin' ku'ndelikli materialli'q ha'm siyasiy-ekonomikali'q ha'm ruwhi'y turmi'si' tiykari'nda payda boladi'.

Geografiyali'q atamalardi' izertlew, wolardi'n' payda boli'w tariyxi'n u'yreniw bizge ko'p na'rselerdi ani'qlawg'a ja'rdem beredi. Sebebi wolarda yertede jasag'an ata-babalari'mi'zdi'n' socialli'q, ma'deniy-ag'arti'wshi'li'q, diniy-filosofiyali'q qaraslari', geografiyali'q obyektlerge at qoyi'wdag'i' sheberlik ha'm tapqi'rli'g'i' wo'z sa'wleleniwin tapqan. Respublikami'z Prezidenti I.A.Karimovti'n': «Manaviyat o'z xalqning tarixini, uning madaniyati va vazifalarini chuqur bilish va tushinib etishga suyangandagina qudratli kuchga aylanadi. Tarixga murajat qilar ekanmiz, bu xalq xotirasi ekanligini nazarda tutishimiz kerak. Xotirasiz barkamol kishi bo'lmaganidek, o'z tarixini bilmagan xalqning kelajagi ham bo'lmaydi»,- degen pikiri toponimikali'q miyras ushi'n da tiyisli.[1]

Onomastika-qaraqalpaq til biliminin' wo'tken a'sirdin' 60-ji'llari'nan baslap rawajlana baslag'an tarawlari'ni'n' biri. Ha'zirge deyin

---

[1] Каримов И. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиёт йўли. Тошкент, Ўзбекистон,1992, -Б.71.

qaraqalpaq toponimiyasi’ ha’m antroponimiyasi’n u’yreniw boyi’nsha bir qatar jumi’slar a’melge asi’ri’ldi’. Ma’selen, Q.A’bdimuratov Qaraqalpaqstan toponimlerin ilimiy jaqtan izertlew jumi’si’n baslap berdi ha’m qaraqalpaq onomastikasi’na tiykar saldi’[2].

Tu’rkiy tillerdegi toponimlerdi izertlew menen 1920-ji’ldan baslap lingvistler, tariyxshi’lar, etnograflar shug’i’llana baslag’an. Wolardan O’zbekstan, Qazaqstan, Tu’rkmenstan, Tatarstan toponimikasi’ boyi’nsha birinshi ja’riyalang’an miynetlerde L.V.Vyatkinnin’, E.D.Polivanovti’n’, X.Xasanovti’n’, S.Alievtin’, S.Amanjolovti’n’, E.M.Murzaevti’n’ ha’m basqalardi’n’ ilimiy maqalalari’n ko’rsetiwge boladi’. Tu’rkiy toponimikasi’ boyi’nsha morfologiyali’q izertlewler 1930-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’nan baslap payda bola baslag’an. Birinshi izertlew N.F. Arxangelskiydin’ Worta Aziyadag’i’ geografiyali’q atamalardi’n’ terminalogiyasi’ ha’m transkripciyasi’ ma’selelerine arnalg’an jumi’si’ boldi’. 1940-ji’llari’ tu’rkiy toponimikasi’ tez pa’t penen rawajlani’p bardi’. 1959-ji’lg’a kelip A.Abdiraxmanovti’n’ «Qazaqstanni’n’ jer su attari’» kitabi’ basi’li’p, bul miynetinde 800 den aslam temir jol stanciyalari’na lingvistikali’q analiz berilgen. Geografiyali’q obyektlerge baylani’sli’ atamalardi’ duri’s paydalani’w, sonday-aq wondag’i’ funkcionalli’q turaqli’li’qti’ payda yetiwde wolardi’n’ atali’w, orfografiyali’q jaqtan jazi’li’w ha’m duri’s ayti’li’wi’n ta’miyin yetiwshi rol atqaradi’. Sonli’qtan toponimikali’q birliklerdin’ duri’s atali’wi’ a’debiy tildin’ orfografiyali’q wo’lshemleri ha’m duri’s ayti’li’wi’na ayri’qsha kewil awdari’w kerek boladi’. Bunday

[2] Әбдимуратов Қ. 1) Топонимика Каракалпаки. АКД. Нукус,1966; Неге усылай аталған? -Нөкис, 1965.

za'ru'rlikler ma'seleleri qaraqalpaq til biliminin' barli'q rawajlani'w basqi'shlari'nda ayri'li'p, belgilenip, yen' a'hmiyetli ma'selelerdin' biri retinde so'z yetilip kiyati'r. Ma'selen, 1960-ji'llarg'a shekemgi qaraqalpaq toponimikasi'ni'n' orfografiyali'q jaqtan jazi'li'w jag'daylari'n izertley woti'ri'p, Q. Abdimuratov qaraqalpaq ha'm wori's tillerinde anaw ya mi'naw qaraqalpaqsha geografiyali'q atamani'n' tu'rlishe jazi'li'p kiyati'rg'anli'g'i'n belgilep wo'tedi. 1960-1970-ji'llari' tu'rkiy toponimikasi' boyi'nsha G.F.Sattarov[3], X.Xasanov, Q.A'bdimuratov, R.M.Guzbashev, S.Karaev, A.Mamedov ha'm.t.b. jumi'slari' ja'riyalandi'. Tu'rkiy tillerdin' toponimikasi'na arnali'p bir qatar toplamlar baspadan shi'qti'. «Toponimika Vostoka» (Moskva,1962), «Toponimika Vostoka novi'e issledovani'ya» (Moskva,1964), «Toponimika Vostoka novi'e issledovani'ya i materiali'» (Moskva,1969), «Onomastika Vostoka» (Moskva,1980) ha'm t.b toplamlardi' ko'riwimizge boladi'. G.F.Sattarovti'n' «Tatarstan ASSR ni'n' mikrotoponimleri» (Kazan,1965) kitabi'n baspadan shi'g'aradi'. Tiykari'nan alg'anda bul miynet Tatarstan toponimikasi' boyi'nsha arnawli' kurs ha'm sem[4]inarlardi'n' wazi'ypalari' ha'm mikrotoponimler boyi'nsha materiallar ji'ynawg'a arnalg'an. «Etapi' razvitiya i ochereredni'e zadachi tatarskoy onomastiki» (Kazan,1970) degen yekinshi kitabi'nda bolsa, tatar tillerinin' toponimikasi' ha'm antroponimikasi'ni'n' payda boli'wi' ha'm ha'zirgi rawajlani'w tariyxi'n ko'rsetip bergen. E.M.Murzaevti'n' «Ocherki toponimiki» (Moskva,1974) miynetinde Worta Aziya ha'm Qazaqstanni'n' geografiyali'q atamalari'ni'n'

---

[3] Саттаров Г.Ф. «Татарстан АССР ның микротопонимлери» Казан,1965
[4] Телхожа Жанузақ. Қазақ ономастикасы. I том. Алматы, 2006.

rawajlani’wi’, evolyuciyasi’ ha’m payda boli’wi’na belgili wori’n berilgen. Tu’rkmen ilimpazi’ S.Ataniyazovti’n’ «Erin’ dili» miyneti (Ashqabad,1971) Tu’rkmenstanni’n’ geografiyali’q atamalari’na baylani’sli’ shi’g’ari’lg’an. Sonday-aq, qazaq onomastikasi’ni’n’ negizin sali’wshi’ ilimpaz Telxoja Januzaqti’n’ Qazaq onomastikasi’ miynetin atap wo’tsek boladi’.

A.Abdiraxmanovti’n’ «Toponimder ja’ne etimologiya» (Alma-ata,1975) kitabi’ yeki bo’limnen turadi’.

1. Birinshi bo’liminde etimologiya ha’m toponimika boyi’nsha ayti’p wo’tilgen.
2. Yekinshi bo’liminde respublikami’zdag’i’ 140 toponimge etimologiyali’q analiz berilgen.

Belgili geogrof-onomast X.Xasanov miynetlerinde Worta Aziyadag’i’ geografiyali’q atamalardi’n’ transkripciyasi’ ha’m orfografiyasi’, kelip shi’g’i’wi’, a’hmiyeti, bayli’g’i’ ma’seleleri so’z yetiledi.

R.M.Yuzbashev A’zerbayjandag’i’ geografiyali’q terminlerdin’ quri’li’si’ ha’m qurami’, so’z jasaw modelleri tiplerin toli’q ha’m ha’r ta’repleme izertlegen. D.Isaevti’n’ «Jer su attari’ni’n’ si’ri’» (Frunze,1977) dep atalg’an yeki bo’limnen ibarat kitabi’ basi’li’p shi’qti’.

1.Birinshi bo’lim toponimikani’n’ basqa tarawlar menen baylani’si’, onomastikani’n’ terminologiyali’q ma’seleleri, toponimikani’n’ leksika-semantikli’q klassifikaciyasi’ ha’m uluwma ma’seleleri haqqi’nda.

2.Yekinshi bo’lim shi’g’i’si’ arab-iran ha’m mong’olsha toponimikani’n’ uluwma qurami’ ani’qlang’an ha’m etimologiyali’q analiz berilgen.

Usi’ jerde K.Konkoshbaevti’n’ «Toponimiya yujnoy kirgizii» (Frunze,1978) monografiyasi’, B.Musupaevti’n’ «Toponimiya vi’sokogorya Balkarii» (Nalshin,1981) miynetlerin atap ketiw wori’nli’.

Qaraqalpaq toponimikasi’n izertlew 1960-ji’llardan baslang’an boli’p, qaraqalpaq toponimikasi’n birinshi ret monografiyali’q jobada izertlegen Q. A’bdimuratov boldi’. Wol «Nege usi’lay atalg’an?» kitabi’n 1965-ji’l qaraqalpaq tilinde baspadan shi’g’aradi’ ha’m 1966-ji’l «Qaraqalpaq toponimikasi’» degen temada kandidatli’q dissertaciyasi’n jaqlaydi’. 1970-ji’li’ «Nege usi’lay atalg’an?» miynetin rus tilinde baspadan shi’g’aradi’. Ilimpazdi’n’ bunnan basqa da bir qansha ilimiy maqalalari’ gazeta-jurnal betlerinde ja’riyalani’p bardi’. Solardi’n’ ishinde, «Dvadsat nazvaniy arala» («Sovetskaya karakalpakiya» gazetasi’, 1979, 13-noyabr), «Qi’pshaq»«Man’g’i’t» so’zlerinin’ etimologiyasi’ haqqi’nda» - («Qaraqalpaq tili boyi’nsha izertlewler») No’kis, 1971,159-109-betler) ha’m t.b maqalalari’n atap wo’tiwge boladi’. Bunnan basqa O.Bekbawlovti’n’ toponimika boyi’nsha ilimiy maqalalari’n ja’ne bir qatar ilimiy maqalalar menen miynetlerdin’ baspadan shi’g’ari’lg’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Elewov N. Moynaq toponimlerinin’ quri’li’si’ boyi’nsha etyudler («A’miwda’rya»,2002,№3-4), Koshanov K Aktualni’e voprosi’ toponimizasii na sovremennom etape // Voprosi’ filologii. Sbornik nauchni’x trudov. Nukus,1965. Koshanov K., Toktagulova D. Nekotori’e voprosi’ mikrotoponimii na sovremennom etape (na materiale Xodjeyliyskogo i Ellikalinskogo rayonov) // Voprosi’ filologii. Sbornik nauchni’x trudov. Nukus,1995. Koshanov K., Atamalar bi’lg’asi’g’i’. Toponimika ha’m Onomastika ilimi nelerge kewil bo’liwi kerek?// Qaraqalpaqstan mug’allimi,

1992,№1. Ma’tmuratov J. Qaraqalpaq toponimikasi’ mashqalalari’ haqqi’nda// «Sovet Qaraqalpaqstani’», 1991, 4-iyul. Seytniyazov Q. Qaraqalpaqstan toponimikasi’ni’n’ ayi’ri’m ma’seleleri.//«Qaraqalpaqstan mug’allimi», 1996, №3-4. Xalmuratov I. Qubla Qaraqalpaqstan toponimlerinin’ uqsasli’q qa’siyetleri// «A’miwda’ya» 1998,№4.

Ja’ne de prof. E.Berdimuratovti’n’ «Toponimikali’q atamalarg’a di’qqat awdarayi’q» («Erkin Qaraqalpaqstan» 2000,20-iyun), O.Dospanovti’n’ «Qaraqalpaqlardag’i’ yegizeklerge qoyi’lg’an ismler ma’selesine» («Vestnik»2001,№3), Paxratdinov Q. «Qaraqalpaq onomastikasi’ni’n’ a’hmiyetli ma’seleleri» (No’kis 2005), Sayi’mbetov O. «Qaraqalpaq tilindegi menshikli adam atlari’» (No’kis,2000) si’yaqli’ miynetlerdin’ baspadan shi’qqani’n ko’riwimizge boladi’[5]. Toponimlerdin’ jasali’wi’ so’z jasawdan pari’q qi’lmaydi’. Ha’r bir tildegi so’z jasali’w usi’llari’ ha’m so’z jasali’w qurallari’ toponim jasawda qatnasadi’. Biraq geografiyali’q atamalardi’ so’z jasali’w jag’i’nan izertley woti’ri’p, da’slep menshikli atlardi’n’ wo’zine ta’n bir qatar semantikali’q ha’m grammatikali’q wo’zgesheliklerin itibarg’a ali’w kerek.

Ayi’ri’m ilimpazlar toponimlerdin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin wolardi’n’ belgili bir funkcional xi’zmetlerge iye yekenligi, qollani’li’w jag’i’nan turaqli’li’g’i’n ko’rsetip wo’tken[6]. Toponimler ta’biyat ha’m ja’miyettegi belgili bir wo’zgerisler menen baylani’sli’ jag’dayda belgili ni’zamlar tiykari’nda payda boladi’.

---

[5] Қарақалпақ тил билими (библиографиялық көрсеткиш) Нөкис «Билим» 2003.
[6] Реформатский А.А. Топононамастика как лингвистческий факт II Топономастика и транскрипсия.М.,1964, -Б.9-34.

Toponimlerdi klassifikaciyalaw XIX a’sirden baslang’an bolsa da, ha’zirgi ku’nge deyin wo’zinin’ aktualli’g’i’n jog’altqan joq. Bul da’wir ishinde ju’da’ ko’plegen izertlewshiler ta’repinen atamalar ha’r tu’rli klassifikaciyalandi’. Ma’selen,

1.Atamalardi’n’ obyektke qatnasi’ boyi’nsha klassifikaciyasi’.

2.Ta’biyiy ra’wishte payda bolg’an ha’m jasalma tu’rde payda bolg’an atamalar.

3.Mikrotoponimler ha’m makrotoponimler.

Makrotoponimlerge, u’lken geografiyali’q obyektler okean ha’m ten’izler, materikler, da’rya ha’m tawlar, ma’mleketler ha’m u’lkeler, sonday-aq, qala atlari’ kiredi. Makrotoponimlerge ta’n bolg’an tiykarg’i’ belgilerdin’ biri, bul wolardi’n’ uzaq waqi’tlar dawami’nda saqlani’p qali’wi’ ha’m az wo’zgeriwi.

Mikrotoponimlerge, to’beshik, bulaq, qudi’q, ha’wiz, say, ari’q, arna, dala, jaylaw ha’m ko’she atlari’ kiredi. Mikrotoponimler tilde tez-tez payda boli’p ha’m tez-tez wo’zgerip turadi’. Usi’ qa’siyetleri menen makrotoponimlerden aji’rali’p turadi’.

4. Atamalardi’n’ quri’li’si’ boyi’nsha klassifikaciyasi’.

5. Xronologiyali’q klassifikaciya ha’m t.b.

Ayi’ri’m izertlewshiler toponimlerdi leksika-semantikali’q jaqtan u’sh toparg’a aji’ratadi’:

1. Etnonimlerden payda bolg’an toponimikali’q atamalar;
2. Adam atlari’nan payda bolg’an toponimler;

3. Jerdin’ du’zilisi, wo’simlik du’nyasi’, xali’qti’n’ ka’sibi, ha’r qi’yli’ waqi’ya ha’m qubi’li’slar, basqa da zatlar menen baylani’sli’ bolg’an toponimler.

Bul ma’selege arnalg’an basqa izertlewlerde atamalar segiz toparg’a bo’lingen, yag’ni’y,

1. uri’w, qa’wim atlari’n bildiriwshi toponimler;
2. millet atlari’n an’lati’wshi’ toponimler;
3. adam atlari’na qoyi’lg’an toponimler;
4. adamlardi’n’ ka’sibine baylani’sli’ berilgen toponimler;
5. predmettin’ belgisin bildiriwshi toponimler;
6. wo’simlik yamasa terek atlari’ menen qollani’latug’i’n toponimler;
7. yel-jurt, ma’ka’n atlari’ menen baylani’sli’ toponimler;
8. geografiyali’q relefin bildiriwshi toponimler.

Toponimlerdi bul tipte sistemalasti’ri’wda toparlar arasi’nda ani’q shegara joq. Sonday-aq, ko’plegen atamalar hesh qanday toparg’a kirmey qalg’an. Ja’ne de ayti’p wo’tiw kerek, joqari’da keltirilgen toponimikali’q klassifikaciyalarda ha’m Qaraqalpaqstan toponimlerinin’ leksika-semantikali’q klassifikasiyaci’nda terminalogiyali’q birdeylik joq. Izertlewshiler atamalardi’ wo’zlerinshe toparlarg’a bo’lgen ha’m bul toparlardi’ ha’rkim wo’zinshe atag’an. Toponimikada bunday atamalar sistemali’ tu’rde ju’da’ rawajlang’an.[7] Respublikami’zda toponimlerdi klassifikaciyalawda yeki bag’dar ani’q ko’zge tu’sedi:

[7] Подольская Н.В. О развитии отечественной топонимической терминологии. II Развитие методов топонимических исследований.М.: 1970. _Б. 46-55.

- Leksika-semantikali’q klassifikaciyasi’
- Grammatikali’q du’zilisine qaray

Leksika-semantikali’q princip tiykari’nda geografiyali’q atamalardi’ to’mendegi toparlarg’a aji’rati’w mu’mkin.

1. Etnotoponimler-yag’ni’y uri’w qa’wim, xali’q, millet atlari’nan jasalg’an geografiyali’q atamalar.
2. Antrotoponimler, yag’ni’y adam atlari’n, familiyalari’n, laqaplari’nan jasalg’an toponimler.
3. Zootoponimler, yag’ni’y haywan atlari’ menen baylani’sli’ toponimler.
4. Fitotoponimler; wo’simlik atlari’nan jasalg’an toponimler.
5. Geomorfologiyali’q toponimler, yag’ni’y obyekttin’ fizika-geografiyali’q wo’zgesheligi menen baylani’sli’ atamalar.

Toponimlerdin’ payda boli’wi’ ha’m wo’zgeriwi xali’qti’n’ tariyxi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’. Geografiyali’q atamalar uzaq da’wirlerden beri bar boli’p, xali’q turmi’si’nda ju’z bergen waqi’ya ha’m qubi’li’slardi’n’ atamasi’ si’pati’nda saqlani’p qalg’an. Ha’r bir da’wir toponimlerdin’ payda boli’wi’nda wo’zinin’ izin qaldi’radi’. Toponimikali’q atamalar sol da’wirdin’ ja’miyetlik qatnaslari’, adamlardi’n’ du’nya qarasi’ si’yaqli’ faktorlar na’tiyjesinde payda boladi’. Ma’selen, bunday qubi’li’slardi’ to’mendegi mi’sallarda ko’riwge boladi’. Qa’legen xali’q wo’zinin’ jasaytug’i’n territoriyasi’nda geografiyali’q atamalar sistemasi’n payda yetedi. Bul ma’sele boyi’nsha T.M Pospelov bi’lay jazadi’:

“…i kajdogo naroda naibolchuyu differencirovannost priobretaet terminologiya svyazannaya s osnovnoy formoy xozyaystva sredi”[8].

Toponimler xali’qti’n’ ja’miyettin’ ku’ndelikli materialli’q ha’m siyasiy turmi’si’, ekonomikali’q ha’m ruwhi’y turmi’si’ tiykari’nda payda boladi’.

**Izertlewdin’ maqset ha’m wazi’ypalari’.** Bul jumi’sti’n’ tiykarg’i’ maqseti – Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ni’n’ so’zlik qurami’ni’n’ bayli’g’i’n ko’rsetiw, toponimlerdi tematikali’q toparlarg’a bo’liw ha’m tariyxi’y qatlamlari’n ani’qlaw, fonetika-morfologiyali’q wo’zgesheliklerin u’yreniw. Bul maqsetti a’melge asi’ri’w ushi’n jumi’sti’n’ aldi’na to’mendegi wazi’ypalar qoyi’ldi’:

– Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ni’n’ tilinde qollani’lg’an toponimlerdi ani’qlaw;

– da’stanlarda qollani’lg’an toponimlerdi toparlarg’a bo’liw;

– da’stanlarda qollani’lg’an toponimlerdin’ fonetika–morfologiyali’q wo’zgesheliklerin ko’rsetiw;

---

[8] Поспелов Т.М. метод географических терминов в анализе субстратной топоним Севера // Местные географические термини. М.1970. –Б.96-65

# QARAQALPAQ XALIQ DA'STANLARINDA QOLLANILATUG'IN GEOGRAFIYALIQ ATAMALAR

Ha'zirgi qaraqalpaq tili xalqi'mi'zdi'n' turmi'si'ndag'i' ekonomikali'q, ilimiy texnikali'q, bilimlendiriw tarawi'ndag'i' jetiskenliklerine baylani'sli' fonetikali'q sistemasi' boyi'nsha, leksikali'q qurami', grammatikali'q quri'li'si', terminologiyasi' ha'm orfografiyasi' jetilisken tillerdin' biri boldi'. Biraq qaraqalpaq til biliminde geypara fonetikali'q, leksikali'q grammatikali'q ha'm tildin' tariyxi'na baylani'sli' bir qansha ma'seleler sheshilip belgili bir sistemag'a tu'siwine qaramastan, yelege deyin izertlewdi, sheshiwdi ku'tip turg'an problemali'q ma'selelerdin' biri jer-suw atamalari'n ji'ynaw ha'm wolardi' ha'r ta'repleme izertlew ma'selelesi kiredi.

Jer-suw atamalari'n izertlew, wolardi'n' payda boli'w tariyxi'n u'yreniw bizge ko'p ma'selelerdi ani'qlawg'a ja'rdem beredi. Soni'n' ushi'n belgili bir aymaqta jasag'an xali'qlar, wolardi'n' uri'w ha'm qa'wimleri haqqi'nda belgili bir ma'mlekettin' administrativlik shegarasi' yamasa bo'liniwin ha'm sol aymaqta jasag'an adamlardi'n' u'rp-a'detleri, ka'sip-ka'ri si'yaqli' bir qatar faktorlardi' ani'qlawda a'hmiyetli qural boladi'. Toponimler yag'ni'y jer-suw atamalari' xali'q tilinin' rawajlani'w etaplari', wonda ju'z bergen ha'r tu'rli wo'zgerisler ha'm uluwma tildegi ha'r qi'yli' formalardi'n' evolyuciyasi'n ani'qlawda tiykarg'i' materiallardan biri. Toponimler geografiyali'q obyektlerdin' wo'zgesheliklerin, ta'biyiy jag'dayi'n, uluwma goemorfologiyali'q wo'zgesheliklerin ju'da' ani'q sa'wlelendiredi.

Geografiyali’q atamalar uzaq da’wirlerdin’ jemisi boli’p, wol til tariyxi’ ha’m tariyxi’y dialektologiya, soni’n’ menen birge tariyx, etnografiya, geografiya, arxeologiya, geologiya si’yaqli’ bir qatar ilimler ushi’n bay material beredi. Wo’ytkeni geografiyali’q atamalar belgili bir da’wirdin’ ja’miyetlik jag’day ha’m siyasiy sistemasi’ni’n’ jemisi sanaladi’. Geografiyali’q atamalar arqali’ yeski leksikali’q qatlamlar, grammatikali’q formalar, xali’qti’n’ u’rp-a’detleri, etnogenezi ha’m tag’i’ basqalar ko’rinedi. Sonday-aq, geografiyali’q atamalar arqali’ ko’plegen tariyxi’y si’rlar, yertedegi xali’qlardi’n’ ekonomikali’q ha’m ma’deniy qari’m-qatnaslari’, til wo’zgeshelikleri ani’qlanadi’.

Toponimlerdi toplaw ha’m wolardi’ u’yreniw ju’da’ yerteden baslang’an bolsa da, atamalardi’ izertlew metodlari’, principleri yelege shekem toli’q ha’m ani’q belgilengen joq. Keyingi waqi’tlarda ko’plegen ilimpazlar toponimler til biliminin’ tiykarg’i’ izertlew obyektlerinin’ biri, bunda lingvistikali’q usi’l basli’ ha’m jetekshi wori’n tuti’wi’ kerek,- degen ju’da’ duri’s pikirdi alg’a qoyadi’. Geografiyali’q atamalar yen’ da’slep til ni’zamli’qlari’na tiykarlanadi’. Soni’n’ ushi’n da wolardi’ u’yreniwde lingvistika ju’da’ a’hmiyetli. Qa’legen xali’q wo’zinin’ jasaytug’i’n territoriyasi’nda geografiyali’q atamalar sistemasi’n payda yetedi. Bul ma’sele boyi’nsha G.M. Pospelov bi’lay jazadi’: “…i kajdogo naroda naibolchuyu differencirovannost priobretaet terminologiya svyazannaya s osnovnoy formoy xozyaystva sredi”[9]. Toponimiyadan geografiyali’q,

[9] Поспелов Т.М. Метод географических терминов в анализе субстратной топонимии Севера // Местные географические термини. М.1970. –Б.96.

tariyxi’y ha’m lingvistikali’q mag’luwmatlardi’ ali’wdi’n’ da’reklerinen biri geografiyali’q atamalar sistemasi’n payda yetiwde qatnasatug’i’n terminlerdi izertlew boli’p yesaplanadi’.

Toponimikali’q terminler –jergilikli geografiyali’q terminlerdin’ belgili bir bo’legi, yag’ni’y toponimikali’q sistemada qatnasatug’i’n topari’ geografiyali’q atamalardi’n’ qurami’nda qatnasi’p wolar si’patlag’an obyektti bildiriwshi termin so’zler toponimiyada a’hmiyetli wori’n tutadi’. Da’slep wolar toponimnin’ ma’nisin ashi’p beriw wazi’ypasi’n atqaradi’. Bunnan basqa toponimikali’q terminler si’patlap ati’rg’an obyekt haqqi’nda mag’luwmat beriw qa’biletine de iye. Toponim ha’m geografiyali’q terminler bir-biri menen genetikali’q jaqtan baylani’sli’ boli’p keledi.

Toponimler menen geografiyali’q terminlerdin’ genetikali’q baylani’si’ wolardi’ birdey qubi’li’s dep qarawg’a tiykar bermeydi. Wolar wo’z ara baylani’sli’ bolsa da, bir-birinen pari’qlanadi’. Geografiyali’q predmetlerdin’ birewin basqalardan aji’rati’p ko’rsetedi.

Yeger toponimler wo’zinin’ geografiyali’q differencial belgisin jog’altsa, wolar toponimikali’q terminge aylanadi’. Terminlerdin’ qollani’li’w wo’risi da’wirdin’ wo’tiwi menen umi’ti’ladi’. Wolardi’n’ ma’nisin arnawli’ lingvistikali’q izertlew arqali’ ani’qlaw mu’mkin. Tyurkologiyada ayi’ri’m tu’rkiy tillerdin’ terminologiyali’q sistemasi’ so’z yetiledi. Solardi’n’ ishinde G.K Konkabaevti’n’ «Kazaxskie narodnie geograficheskie termini’» degen jumi’si’n ko’rsetiwge boladi’.[10] Bul jumi’s so’zlik tu’rinde berilgen. Azerbayjan tilinin’ geografiyali’q terminologiyasi’

[10] Қараңыз. Известия АН Казахской СССР. Серия географическая . 1951. –Б. 33-47

R.M.Yuzbashevti’n’ «Opi’t issledovaniya azerbayjanskix terminov», (Baku. 1962) degen dissertaciyali’q jumi’si’nda bir qansha toli’q izertlengen. Wonda azerbayjan tilinin’ barli’q tiykarg’i’ geografiyali’q terminologiyasi’ qamti’lg’an, tek orfografiyali’q gidrografiyali’q terminologiya da toli’q sa’wlelengen. Murzaevlardi’n’ so’zliginde[11] tu’rkiy geografiyali’q terminlerdin’ bir bo’legi sa’wlelengen ha’m tu’sindirilgen. Wonda bul terminlerdin’ payda boli’w jollari’ da ko’rsetilip berilgen.

Bunnan basqa Azerbayjan, Dag’i’stan, Qazaqstan Tuva, Yakutiya Respublikalari’, Tawli’ Altay ha’m Xakasiya oblastlari’ geografiyali’q terminlerinin’ russha transkripciyasi’ boyi’nsha so’zliklerde bay material berilgen. Bul so’zliklerdin’ tiykarg’i’ maqseti terminlerdi ha’m basqa so’zlerdi wori’s tilinde beriw yesaplanadi’. Wolar tu’rkiy tillerdin’ geografiyali’q terminologiyasi’ boyi’nsha izertlewler ju’rgiziw isenimli derekler si’pati’nda toli’q xi’zmet yetedi.

Ta’biyat qubi’li’slari’n an’latatug’i’n geografiyali’q appelyativler, sonday-aq terminler qa’legen tildin’ leksikasi’ni’n’ xronologiyali’q jaqtan turaqli’ topari’n quraydi’. Sonli’qtan geografiyali’q appelyativlerdi izertlew xali’qti’n’ ha’m woni’n’ tilinin’ kelip shi’g’i’wi’ ha’m tariyxi’ ma’selelerin izertlewde u’lken a’hmiyetke iye.

Ha’zirgi qaraqalpaq tili ha’m woni’n’ dialektleri jergilikli toponimikali’q terminler sistemasi’na iye. Wolardi’ izertlew so’zsiz aktual boli’p tabi’ladi’. Sebebi bunday terminler qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ko’p waqi’tlar dawami’nda

[11] Мурзаев Е.И. Словарь местных географических терминов. –М.: 1959; Мурзаев Е.М. Словарь народних географических терминов. –М.: 1984.

materialli'q ha'm ruwhi'y ma'deniyati'ni'n' rawajlani'w da'rejesin, wo'ndiris ku'shlerinin' si'pati'n sa'wlelendiredi.

Qaraqalpaq til biliminde Qaraqalpaqstan toponimikasi'nda qollani'latug'i'n toponimikali'q terminlerdin' ishinde ko'pshilik tu'rkiy tillerde wortaq terminlerdi, Worta Aziyada tu'rkiy tiller ushi'n, al ayi'ri'm jag'daylarda tek Qaraqalpaqstan territoriyasi' ushi'n ta'n terminlerdi de ushi'rati'wg'a boladi'. Qaraqalpaqstan toponimlerin birinshi ret monografiyali'q jobada izertlegen Q. A'bdimuratov boldi'. Soni'n' menen birge M. Qurbanov «Qaraqalpaq tilindegi geografiyali'q terminlerdin' leksika-grammatikali'q wo'zgeshelikleri», (No'kis, 2011) degen arnawli' miynetin atap wo'tsek boladi'. Sog'an qaramastan Qaraqalpaqstan toponimiyasi'ni'n' a'sirese folklorli'q shi'g'armalardi'n' tili ma'seleleri yele toli'q u'yrenilmedi. Sonli'qtan biz qaraqalpaq xali'q da'stanlari'ndag'i' toponimlerdin' payda boli'w sebeplerin, wolardi'n' ma'nilerin, grammatikali'q quri'li'si'n yele de teren'irek izertlep, wolardi' ashi'p ko'rsetiw qaraqalpaq toponimikasi'ndag'i' aktual ma'selelerdin' biri boli'p yesaplanadi'.

Sonli'qtan bul bo'limnin' qaraqalpaq xali'q da'stanlari'nda qollani'latug'i'n toponimikali'q terminlerdin' geografiyali'q atamalardi' jasawdag'i' xi'zmetin ha'm qollani'w wo'zgesheliklerin ashi'p ko'rsetiw boli'p tabi'ladi'.

Toponimikali'q terminler toponimlerdin' ma'nisin belgilewde gilt wazi'ypasi'n wori'nlaydi', sonday-aq wolar sol obyekt haqqi'nda mag'luwmat beriw qa'biletine de iye.

Qaraqalpaq xali'q da'stanlari'nda qollani'latug'i'n toponimiyali'q terminler ju'da' ko'plep qollani'ladi': *Tu'rkstan* (QT,308), *Nog'ayli'* (QQ,405), *Qi'zi'l bas* (E,95), *Taban jol* (O',22), *Quba taw* (O',68), *Qolti'q ko'l* (O',76), *Aq jap* (O',76), *Baysi'n* (O',50), *Qon'i'rat* (O',50), *Sari' taw* (E,170), *Uzi'n wo'zek* (E,236), *Gu'l to'be* (E,240), *A'wdektin' ko'li* (QT,267), *Shabi'r ko'l* (QT,356), *Qara taw* (QT,278), *Babi'r ko'l* (QT,356), *Jan'a da'rya* (QT,399), *Tu'rkistan* (QT,308), *Xazar taw* (QT,308), *Aq bulaq* (QT,280), *Ko'k bulaq* (QT,278), *Qara to'be* (QQ,415), *Aqsuwat* (QQ,427), *Da'rbent taw* (QQ,471), *Taqi'r taw* (QQ,457), *Tog'i'stan ko'li* (QQ,469), *Ba'ndirgi taw* (QQ,404), *Qi'yaqli' taw* (K,543), *Miyan ko'l* (TT,706),

Biz bunda «Alpami's» da'stani'ni'n' 8 varianti'ndag'i' toponimlerdi etnotoponimlerge, oronimlerge, gidronimlerge bo'lip qaradi'q.

1. Etnotoponimler. Baysi'n etnotoponimi. «Alpami's» da'stani' Jiydeli baysi'n xalqi'nda Qon'i'rat degen yel yedi,- dep baslanadi' (O',5). *Baysi'n* etnotoponiminin' payda boli'wi' tuwrali' to'mendegi mag'luwmatti' keltiriwge boladi'. «Yele Aral ten'izi bolmag'an da'wirlerde A'miwda'rya menen Si'rda'rya birigip, Lawzan, Go'ne U'rgenish ha'm Aybu'yir arqali' wo'tip Kaspiy ten'izine quyadi' yeken. Aral ten'izinin' worni'nda adaq xalqi' jasag'an. Woni'n' qatal ha'm uri'spaz Fasi'l atli' xani' bolg'an. Al Uzbaydi'n' yeki jag'alawi'nda bul da'wirde Baysi'n atli' xali'q jasap, woni'n' Ayazxan atli' xani' bolg'an. Wol wo'zi qul boli'wi'na qaramastan aqi'lli'li'g'i', parasatli'li'g'i' ha'm a'dilligi arqasi'nda Qi'ri'q qi'z qorg'ani'nda Qi'ri'q ka'nizegi menen jasap ati'rg'an patshani'n' qi'zi'ni'n' qoli'n su'yiwge miyasar bolg'ani' ha'm Baysi'n xalqi'na xan boli'w

da’rejesine yerisken. Aqi’lsi’z Fasi’l xan haram na’psin ti’ya almay, bir a’wliye kisinin’ qi’zi’na zorli’q qi’li’p qarg’i’sqa ushi’raydi’. Al yelin suw basi’p, suw asti’nda qi’ri’li’p ketedi. Wol yeldin’ worni’na Aral ten’izi payda boladi’. Wog’an A’miw menen Si’r quya baslaydi’. Yeki da’ryani’n’ birigip aqqan U’stirttegi a’yyemgi an’g’ari’ kewip qaladi’. Ayazxan Baysi’n yelin baslap Xorezm yeline ko’ship keledi».[12] Bul an’i’zdan ma’lim boli’wi’nsha, Baysi’n xali’qti’n’ ati’ da’standa Jiydeli Baysi’n xalqi’nda (O’,5),-dep baslanadi’.

*Jiydeli Baysi’n* toponimi tuwrali’ mi’naday mag’luwmat bar: «Aral tu’slik boyi’nda Baysi’n qozaq, woni’n’ arjag’i’nda Jiydeli degen ko’ldin’ basati’ bar. Sol yekewin Jiydeli Baysi’n deydi. Jiydeli degen ko’ldi ha’zir suw basi’p ketti».[13]

Al Surxanda’ryadag’i’ Baysi’n bolsa, Aral ten’izi, Tu’rkstannan ko’ship kelgen uri’w–qa’wimlerdin’ wo’zlerinin’ yeski ma’kan jaylari’ni’n’ atlari’n qa’sterlep saqlaw maqsetinde *Baysi’n taw, Baysi’n ko’l* dep atag’an boli’wi’ kerek[14]–dep jazadi’ wo’zbek folkloristi X.Zaripov. Qullasi’, *Baysi’n* atamasi’ni’n’ Aral ten’izi a’tiraplari’ menen baylani’si’ bar yekenligi tuwrali’ ilimpazlardi’n’ boljawlari’ ushi’rasadi’.

---

[12] Бекбаўлов О. Аязхан аңызының тарийхқа қатнасы. // Әмиўдәрья, 1971. – №10. –Б. 122.

[13] Толстова Л.С., Өтемисов А. Исторический фольклор северовосточных каракалпаков. // Вестник КК ФАН Уз ССР, – Нукус, 1963. –№4. –С.51.

[14] Зарифов Х.Т. Основные мотивы эпоса «Алпамыш». // Об эпосе «Алпомиш». – Ташкент.: ФАН, 1959. – С. 13–14.

Arjag'i' *Tu'rkistan*, Berjag'i' Buxar (O',30), Arjag'i' *Tu'rkistan*, Berjag'i' Qoqan (QQ.53). *Tu'rkistan* toponimi yeki so'zdin' (*tu'rk* ha'm *stan*) birigiwinen jasalg'an.

*Nog'ayli'* etnotoponimi tariyxi'y jaqtan XV–XVI a'sirlerdegi *Nog'ayli'* qa'wimlik birlespesinin' ati' boli'p,[15] da'standa Baysari' wo'z yelin taslap, Tayshi'xannan jer sorap ati'rg'anda tuwi'lg'an jerin ta'riyplep ati'rg'anda su'wretlenedi. Az ***nog'ayli'*** yelinde, Sa'rsebiz degen jerinde (O',45). Tariyxi'y dereklerge qarag'anda, qaraqalpaq xalqi' xali'q si'pati'nda usi' Nog'ayli' wordasi'nda qa'liplesken.[16]

Qi'zi'l bas ali'p jurti'mdi' (O',42). *Qi'zi'l bas* atamasi' yeki tu'rli ma'ni an'latadi': birinshiden, «qi'zi'l baslar» dep tu'rkiy qa'wimler iranli' shiytlerdi atag'an, sebebi XVIII a'sirde sunnitler menen bolg'an diniy uri'slarda iranli' shiyt a'skerleri baslari'na qi'zi'l sa'lle worap ju'rgen. Sonday–aq sefevid shaxlari'ni'n' ta'repinde uri'sqan ayi'ri'm tu'rkiy qa'wimleri de «qi'zi'lbaslar» dep atalg'an.[17]

---

[15]Қарақалпақстан АССР тарийхы. – Нөкис.: 1984. –Б. 63.

[16] Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. – Нукус - Казань, 1976. –С. 3.

[17]Персидско–русский словарь. – М.: 1985. –Т. II. –С. 266.

## Oronimikali’q terminler

Onomastikada qa’legen taw, to’beshik, shi’n’, do’n’ atlari’n bildiriw ushi’n oronim termini qollani’ladi’. Bul bo’limde oronimikali’q terminlerdin’ folklorli’q shi’g’armalar tilinde toponimikali’q oronimler analizlenedi. Ma’selen, «Alpami’s» da’stani’nda taw, jar, jap, to’beshik atamalari’ da gezlesedi.

**«Taw»** - Bul so’z ko’pshilik tu’rkiy tillerde ushi’rasadi’. Bashqurt, qazaq, tatar tillerinde taw, qi’rg’i’z tilinde too, altay tilinde tuu, azerbayjan, tu’rkmen tillerinde dag’, xakas, tuva, uyg’i’r, shor, chuli’m tillerinde tag’, yeski tu’rkiy tilinde tag’ tu’rinde qollani’ladi’.

Taw so’zi barli’q tu’rkiy tillerde «jer u’stinin’ bo’lek-bo’lek yamasa qatar dizbekler tu’rinde ko’terilgen jerlerin» bildiriw ushi’n qollani’ladi’ ha’m bul termin arqali’ jasalg’an atamalar ko’pshilik jag’dayda obyektlerdin’ si’rtqi’ ko’rinisine yamasa tu’rine qarap ataladi’. Folklorli’q shi’g’armalarda oronimikali’q sistemasi’nda taw termini to’mendegi atamalardi’n’ qurami’nda qollani’ladi’.

Mi’sali’: *Quba tawdi’n’* basi’nda bir aqsham miyman boli’p keteyin degen bati’rg’a qi’yal keldi (O’,68), *Sari’ tawdi’n’* arjag’i’nda *Ala tawdi’n’* berjag’i’nda *Shubar tawdi’n’* yeteginde (O’,70), Qoy wo’rdirdim *qara tawdi’n’* basi’na (O’,78), Ko’zim tu’sti *Xazar tawdi’n’* basi’na (O’,38) , *Shag’i’r tawda* Larzan degen bulaq bar (O’,32), Qarajan qaysar *Da’rbent tawi’nda qashqan barma*…(O’.42), *U’yinin’ tap aldi’ndag’i’ Gu’l to’be* degen jerge kelip minetug’i’n yedi (O’,24) ha’m t.b.

Izertlewshiler oronimlerdin' basqa toponimlerge sali'sti'rg'anda tilde uzaq waqi't saqlanatug'i'ni'n ko'rsetedi.

Da'standa qollani'lg'an *Da'rbent taw* toponimi Kavkaz benen baylani'sli'. Sebebi Dag'i'standa Da'rbent degen qala yelege shekem saqlang'an: Da'rbent tawg'a jetedi (O',56).

Da'stanlarda gidronimler de ushi'rasadi'. Gidronimler suw obyektleri atamalari'ni'n' keynine *ko'l, da'rya, bulaq, ten'iz* so'zlerinin' dizbeklesiwi arqali' jasaladi', wolar to'mendegi wo'zgesheliklerge iye: a) buyi'mni'n' xarakterli belgilerin, woni'n' si'rtqi' ko'rinisin bildiretug'i'n so'zlerge *da'rya, bulaq, ko'l* so'zleri jalg'anadi'. Mi'sallar: Suwdi' ko'rip besewi, *Qara ko'lge* qonadi' (O',57), *Baysi'n ko'lde,* Kindik wo'zek degen jerde.. (O',14) , Birge bardi'q *Shag'i'r ko'ldin'* boyi'na (O',73), At boli'pti' *Miyan ko'ldin'* taylari' (O',54), A'wel keldim *Aqbulaqti'n'* basi'na (O',20), Baybo'ri baydi'n' Qultay degen quli' ***Bozbulaq*** degen jerde ji'lqi' bag'i'p jatar yedi (O',42), Burqi'rap aqqan Aq da'ryam (O',29) ha'm t.b.

b) obyekttin' qandayda bir ayi'rmashi'li'g'i'n yekinshi bir obyektke sali'sti'ri'w arqali' jasalg'an gidronimler: *Jan'a da'rya, Qara ko'l, Aqbulaq* ha'm t.b.

**«Da'rya»** - Qaraqalpaq tu'sindirme so'zliginde da'rya so'zi "an'qar menen ag'atug'i'n sag'asi' ha'm ayag'i' bar ta'biyiy suw tasqi'ni'" ma'nisin bildiredi[18]. Bul termin Worta Aziya respublikalari'nda ha'm Sinszyanda (Qi'tay) "U'lken da'rya" ma'nisinde qollani'ladi'. Da'rya so'zi parsi' tilindegi da'rya, "ten'iz" so'zinen payda bolg'an. Tu'rkiy tillerinin'

---

[18] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги II том. Нөкис.1984. –Б.60.

ko’pshiliginde bul so’z “Da’rya” ma’nisinde qollani’ladi’[19]. Sonday-aq bul termin Iran, Afganstan ha’m Pakistanda da tarqalg’an. Da’rya so’zi parsi’ tilindegi derya «ten’iz» so’zinen payda bolg’an. Tu’rkiy tillerdin’ ko’pshiliginde bul so’z «da’rya» ma’nisinde qollani’ladi’: gagauz tilinde dera, wo’zbek tilinde darё, qi’rg’i’z tilinde dariya, tu’rkmen tilinde da’rya, uyg’i’r tilinde dariya tu’rinde qollani’ladi’.

Bul Alpami’s da’stani’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ «Qaraqalpaq» degen tariyxi’y qosi’g’i’nda ushi’rasadi’. Qi’ri’q ji’l ma’kan yetti Jan’a da’ryani’, Xali’qti’n’ to’men boldi’ turmi’s awhali’.[1] Da’standa Jan’a da’rya toponimi Sa’rsenbay ji’rawdi’n’ bul da’standi’ ji’rlap ati’rg’an jerinde su’wretlenedi: Jiyen wo’tken zamanda, *Jan’a da’rya* boyi’nda (O’,39).

Qaraqalpaq folklori’ni’n’ 9-tomi’ «Qi’rq qi’z» (Qurbanbay ji’raw Ta’jibaev varianti’. A.Begimov, Sh.Xojaniyazov, S.Ma’jitov qol jazbasi’,1938) da’stani’nda:

-Qalmaqti’n’ qani’ Surtaysha,
Ulli’ toydi’ yetiwge,
Ataqli’ Shi’rshi’q da’ryadan,
Ka’rwani’ menen wo’tiwge,
Iyesiz qalg’an yeline,
Aman yesen jetiwge,
Qi’yi’n isler boladi’.

---

[19] Мурзаев Е.М. «Сентралноззиатские топонимические миннатюры// Топонимика Востока новые исследования». М.1964. –Б.13.
[1] Қарақалпақ фольклоры. – T.V. Нөкис, 1980. –Б. 386.

-Bes ji’l boldi’, qalmaq xani’ qalasi’n,
Sali’q penen quwlap ko’li dalasi’n,
Tayarlani’p bizin’ yeldi talawg’a,
Ma’ka’n yetti «Aqda’rya»ni’n’ jag’asi’n.
-Jigirma birde jasi’m bar,
Du’nya boldi’ mag’an tar,
Aytatug’i’n arzi’m bar,
Birge ju’rgen bawi’rlar,
Tu’rkistanni’n’ jurti’na
Jan’a da’rya boyi’na,
Sarkopti’n’ paytaxt yeline,
Atlar shawi’p ber xabar.

«**Jap**» - yegislik jerlerge suw jiberiw ushi’n qazi’lg’an suw joli’. Jap suw ag’atug’i’n ari’qti’ bildiredi ha’m wol birqansha toponimlerdin’ qurami’nda qatnasadi’. Ayi’ri’m izertlewshiler bul so’zdi parsi’ tilinen *ov* «suw, da’rya» so’zi menen baylani’sli’ dep yesaplaydi’.[20] Jap termini de da’stanlarda ko’plep ushi’rasadi’. «Alpami’s» da’stani’nda (Xojambergen Niyazov varianti’ (O’giz ji’raw) Q.Ayi’mbetov qol jazbasi’ 1934) ko’remiz.

-Qon’i’ratti’n’ bir jabi’ bar yedi,
Aq jap dep at beretug’i’n yedi.

[20] Ғуломов Я. Хорезмнинг сўғориш тарихи. –Б. 243., Мурзаев Е.М. Тюркские географические названии. –М.: 1996, -Б. 89; Ов сөзиниң семантикасы ҳаққында қараңыз: Таджиев Д.Т. Слова ов «вода» в современном таджикском языке // М, 1952, -Б. 120-153.

**«Wo’zek**» - da’ryani’n’ tarmag’i’, ag’i’n suw joli’. Bul so’z ko’pshilik tu’rkiy tillerde ha’r tu’rli fonetikali’q variantlari’nda ushi’rasadi’. Azerbayjan tilinde ozak, qazaq tilinde o’zek, qi’rg’i’z tilinde o’zek, tatar tilinde u’za’k, tuva tilinde o’zek, wo’zbek tilinde uzak, xakas tilinde o’zek, altay tilinde o’zo’k. Yeski tu’rkiy tilinde ozuk, ozuk suw «kishkene ha’wiz» (DTS, 395).

N.A. Baskakovti’n’ pikiri boyi’nsha, wo’zek so’zi uyg’i’r tilinin’ utus so’zine –ek kishireytiwshi-yerkeletiwshi affiksi jalg’ani’wi’ arqali’ jasalg’an.[21]

Bul termin Qaraqalpaqstanda yeki tu’rli atamalardi’ –toponimikali’q atamalar ha’m gidronimlerdi bildirip keledi. Bul da’stanlarda derlik ushi’raspaydi’.

**«Ko’l»-** qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde aynali’si’ jasalma tu’rde tuyi’qlani’p jatqan suwli’ jer ma’nisin bildirdi.[22] Demek, qaraqalpaq xali’qi’ni’n’ wo’lmes miyraslari’nan biri bolg’an «Alpami’s» da’stani’nda (Xojambergen Niyazov varianti’ (O’giz ji’raw) Q.Ayi’mbetov qol jazbasi’ 1934) to’mendegishe gidrotoponimlerdi ko’riwimizge boladi’:

-At boli’pti’ Miyanko’ldin’ taylari’,
Qoyi’n sati’p qozi’ qi’lar baylari’…
-Xanni’n’ ko’li Qarako’l,
Sho’p shi’qpag’an dala ko’l…

---

[21] Баскаков Н.А. Географическая номенклатура в топонимии Горного Алтая.// Топонимика востока. М, 1969, -С. 66.
[22] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги II том Нукус «Қарақалпақстан» 1984.

«Alpami’s» da’stani’ni’n’ (Esemurat ji’raw Nurabullaev varianti’ Rambergen Xojambergenov qol jazbasi’ 1957) keyingi varianti’nda:

-Baysi’n ko’ldin’ qami’si’n,
Qoli’mdag’i’ mallari’m,
Pi’ti’rlati’p jer yedi… (Qaraqalpaq folklori’ni’n’ 9-tomi’ «Qi’rq qi’z» (Qurbanbay ji’raw Ta’jibaev varianti’. A.Begimov, Sh.Xojaniyazov, S.Majitov qol jazbasi’,1938) da’stani’nda :

-Ba’ha’rdin’ ku’ni bolg’anda,
Aynako’lden ushar g’az,
Mashi’qti’n’ tu’sken i’shqi’na,
Ku’ni-tu’ni sherter saz
-Bati’r tuwg’an Ari’slan,
Qasi’na ali’p qi’ri’q jigit,
Bawi’rko’l menen Shag’i’rko’l,
Degen jerden aralap,
Ayanbay ku’shti saladi’.

**«Woy»-** a’tirapi’ndag’i’ jerlerge qarag’anda pa’s, to’men, woy jer, tegis jer, shuqi’rli’q. Bul termin tu’rkiy tillerde ju’da’ ken’ tarqalg’an. Qazaq, qi’rg’i’z, tofalar, tuvalar, tu’rkmen, xakas, altay, chuli’m tillerinde oy, azerbayjan tilinde oyma, bashqurt tilinde uy[23] tu’rinde qollani’ladi’. Bul terminnin’ tarqali’w areali’ bir qansha ken’. O.T. Molchanovani’n’ ko’rsetiwinshe Tawli’ Altayda woni’n’ oy, oyuk, oydi’m, oyi’m, oyvon

[23] Севортян Е.В. Этимологический словарь тюркских языках. М, 1974. –Б. 425-428.

si’yaqli’ variantlari’ bar boli’p, wolar ko’binese gidronimikali’q atamalardi’n’ qurami’nda da geyde oronimikali’q atamalardi’ jasawda da qatnasadi’.[24] Bul da’stanlarda da ken’ qollani’ladi’. Basi’ma da’wlet aylandi’, xanli’q qulg’a keldi dep, «Atan’ murap bolg’ansha, Jerin’ woy bolsi’n»,- degen naqi’l bar yedi, Balam, atan’ Odar qul yedi, yenen’ Gu’lshin shori’ yedi. (AO’, 79).

Bul termin tu’rkiy tillerinde ko’p tarqalg’an. Wol ha’m appelyativ ha’m qospa toponimlerdin’ bar elementi si’pati’nda wo’nimli qollani’ladi’. Woy gidronimikali’q terminlerdin’ qatari’na kiredi, biraq wol oronimikali’q atamalardi’ jasawda da qatnasadi’.

**«Ha’wiz»-** suwdi’ saqlaw ushi’n qazi’latug’i’n kishi suw saqlag’i’sh. Ha’wiz a’dette ishiletug’i’n suwdi’ saqlaw ushi’n qazi’li’p, wol tuwri’ to’rt mu’yesh tu’rinde boladi’. Geyde wol jerlerdi suwg’ari’w ushi’n da qazi’ladi’. Ha’wiz komponentli gidronimlerdin’ sani’ az. Da’stanlarda ayi’ri’m wori’nlarda g’ana ushi’rasadi’.

Bag’-ha’remnin’ ishinde,
Tilla’ ko’shkinin’ asti’nda,
Sa’rha’wizdin’ boyi’nda,
Boz wordani’n’ won’ jag’i’nda,
Alti’n ka’ttin’ u’stinde,
Dizden to’sek saldi’ri’p,
Belden dasti’q qoydi’ri’p (O’, 66).

[24] Молчанова. О.Т. О гидронимических терминах Горного Алтая. М, 1970.

Azanda Gu'lparshi'n boz wordadan shi'g'i'p, nar tekedey kerilip, basari'na yerinip, qalayi'day qalqi'p, polattay balqi'p, sheke gu'lin taqi'p, tislerine tishwan jag'i'p, ara berip wo'zine, su'rme jag'i'p ko'zine, woramali'n qi'ya shali'p, ko'rgenlerdin' aqi'li'n ali'p, ju'zleri gu'l-gu'l jani'p, yeki shelegin iynine sali'p, sa'rha'wizge suwg'a keldi. Ko'p zaman boli'p yedi, sa'rha'wizge hesh jaqtan adam kelmeytug'i'n yedi. (QQ, 461).

**Basqa da suw obyektlerin bildiretug'i'n terminler**

**«Bulaq»-** Bul termin tu'rkiy ha'm mong'ol tilles xali'qlardi'n' arasi'nda ken' tarqalg'an: tatar tilinde bolak/bulak, tuva, azerbayjan, tu'rkmen, qi'rg'i'z tillerinde bulak, wo'zbek tilinde buloq, qazaq, nog'ay tillerinde bulaq. Bulaq termini joqari'da ko'rsetilgen tillerdin' geografiyali'q atamalari'nda da qollani'ladi'.[25] Jer asti' suwi'ni'n' jer u'stine ta'biyiy jag'dayda shi'g'i'p qalg'an wori'n.

Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zliginde bulaq so'zi «tawdi'n' yamasa jerdin' asti'nan shi'g'i'p turg'an suwdi'n' worni'» ma'nisinde berilgen.

Bulaq termini qaraqalpaq xali'q da'stanlari'nda suw obyektleri atamalari'ni'n' qurami'nda qatnasadi', da'stanlarda bul ko'plep ushi'rasadi'.

—Xan inim, sag'an arzi'm bar,
Bul so'zime qulaq sal,
Alpami'sjanni'n' bari'nda,

[25] Молчанова О.Т. Географический термин булак в топонимии // Ономастика. Саранск, 1976.

Boz bulaqti’n’ boyi’nda,
Ji’lqi’ bag’i’p jatqanda,
Kiyik penen qulandi’,
Bulaqqa kelgen waqti’nda,
Tastan gu’ze du’zetip,
Atar yedik yekewmiz (A,81).
Ku’n shashi’rap shi’qqanda,
Bardi’ bulaq boyi’na (A,81).
A’yne tu’sler bolg’anda,
Woti’r yedi Barshi’njan,
Boz Wordani’n’ ishinde,
Wo’z-wo’zinen yemshegi,
Bulaq boli’p iyedi (A,81).

**«Qashi’»-** Bul termin «da’ryani’n’ jag’asi’, sheti» degen ma’nini an’latadi’. Yeski tu’rkiy tilinde qash so’zi «shet, jag’a, shegara» degendi bildirgen. (DTS, 431). Bul so’z ha’zirgi bir qatar tu’rkiy tillerde de ushi’rasadi’: qazaq ha’m altay tillerinde kas «da’ryani’n’ biyik jag’asi’» yakut ha’m xakas tillerinde xas «jag’a, bir zatti’n’ sheti, to’beshik, biyiklik» tatar tilinde kash, «biyik jer, da’ryani’n’ sheti, jag’asi’» ha’m t.b. Qaraqalpaqstanda qashi’ termini, tiykari’nan «biyik jer» ma’nisin bildiredi, soni’n’ menen birge, wol «da’ryani’n’ jag’asi’, sheti» degen ma’nige de iye.

**«Qolti’q»-** Bul so’z tu’rkiy tillerde to’mendegi formalarda qollani’ladi’: Azerbayjan tilinde goltug «kishkene ko’l», wo’zbek tilinde qolti’q, nog’ay

ha'm qumi'q tillerinde qolti'q, «da'ryani'n' shi'g'anag'i'», tatar tilinde kulti'k «da'ryani'n' tarmag'i'» ha'm.t.b.

Qaraqalpaq tilinde qolti'q so'zi to'mendegi ma'nilerde qollani'ladi':

- «Iyin menen jawi'ri'nni'n' ishki jag'i'»
- «Kiyim jen'inin' boy menen tutasqan jeri»
- «Ten'izdin' yamasa ko'ldin' qurg'aqli'qqa kirip turg'an jeri»

Qaraqalpaqstanni'n' gidronimiyali'q sistemasi'nda qolti'q termini suw obyektleri atamalari'ni'n' bir elementi si'pati'nda qollani'ladi', biraq wolar da'stanlarda az sanda bolsa da ushi'rasadi'. Mi'sali':

Qarako'lden wo'tken jerde qolti'q degen bir ko'l bar yedi, Jeri otlaq yedi, mal wotlawg'a qolayli' yedi (A,76), A'ne, qati'nlardi'n' aldi'nda Aqjap degen jap bar yedi. Ayag'i' Qolti'q ko'l degenge bari'p quyar yedi.

Qolti'q ko'ldi aylani'p,
Tu'ssem be dep woylani'p,
Bir jag'ada tur yedi.
G'arri' biye asti'nda,
Botaday bozlap bir nashar,
Ko'l jag'alap keledi (QQ,491).

**«Suw»-** Bul so'z tu'rkiy tillerge wortaq so'z yesaplanadi': Tatar, azerbayjan, uyg'i'r, qazaq tillerinde su, qi'rg'i'z ha'm altay tillerinde suu, tuva ha'm xakas tillerinde sug, tu'rkmen, nog'ay, qumi'q tillerinde suv, chuvash tilinde shi'v tu'rinde qollani'ladi'. Yeski tu'rkiy tilinde sub/sug/ suv formalari' qollani'ladi' (DTS, 512-515).

Suw komponenti toponimleri da’stanlarda ju’da’ az: —Yesik aldi’ shalqar suw, teren’ japti’, yar-yar (QQ, 679).

Solay yetip, qaraqalpaq tilinin’ tariyxi’nda bir qansha gidronimikali’q terminler bar. Woni’n’ belgili bir rawajlani’w da’wirinde ayi’ri’m terminler ha’r qi’yli’ tariyxi’y lingvistikali’q sebeplerge baylani’sli’ basqa terminler menen almasi’p woti’rg’an, biraq ko’plegen terminler saqlani’p qalg’an.

**«To’be»-** yamasa to’beshik. Bul termin Qaraqalpaqstan toponimiyasi’nda «u’sti gu’mbez ta’rizli ba’lent» degendi bildiredi. To’be so’zi tu’rkiy tillerde ha’r tu’rli fonetikali’q variantlarda ushi’rasadi’. Azerbayjan tilinde tepe, bashqurt ha’m tatar tillerinde tube, qazaq tilinde to’be, qi’rg’i’z tilinde to’bo’, tu’rkmen tilinde depe, wo’zbek tilinde tepa, yeski tu’rkiy tilinde to’ru’ tu’rinde ushi’rasadi’. To’be termini oronimikali’q atamalardi’n’ bir elementi si’pati’nda wo’nimli qollani’ladi’. Mi’sali’:

Aq to’be ha’m Aq sha’shme ,
Degen jerlerge keledi. (Qoblan,128)

Baytalg’a hasani bir basti,Badalg’i to’be
Degennin’ basina tu’sti. (Ma’spatsha 84)

Bizlerdeyin Janqoziday ag’an’di ,
Tawip alg’il Urato’be tawinan. (Jaskelen, 134)

Sol zamannin’ qa’diminde,
Ura to’be yelinde,
Usi yeldin’ ishinde. (Jahansha, 14)

## QARAQALPAQ XALIQ DA’STANLARINDAG’I TOPONIMLERDIN’ FONETIKALIQ WO’ZGESHELIKLERI

Toponimlerdin’ fonetikali’q wo’zgeshelikleri haqqi’nda so’z yetkende wolardi’n’ qurami’nda ju’z beriwshi fonetikali’q wo’zgerisler analizlenedi. Bul wo’zgerislerdin’ ko’pshiligi so’zler bir-birine qosi’lg’anda ha’m basqa processlerde payda boladi’.

Biz u’yrenip ati’rg’an territoriyadag’i’ toponimlerdin’ qurami’nda bolg’an fonetikali’q wo’zgerisler qaraqalpaq tilindegi ses wo’zgeriw ni’zamli’li’qlari’na sa’ykes tu’rde bolg’anli’g’i’n ko’remiz. Soni’n’ ushi’n toponimlerdi fonetikali’q wo’zgerisler, tiykari’nan tildegi fonetikali’q qubi’li’slar ni’zami’na sa’ykes keletug’i’nli’g’i’n yesapqa ali’p jumi’sti’n’ dawami’nda toponimler qurami’ndag’i’ wo’zgerisler tu’rinde bahalawdi’ maqul tapti’q.

Bizin’ ali’p barg’an jumi’si’mi’z na’tiyjesinde toponimlerdin’ to’mendegi tiykarg’i’ fonetikali’q wo’zgesheliklerinin’ bar yekenligi ani’qlanadi’.

Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ndag’i’ toponimler yeki ha’m wonnan da ko’p buwi’n sanlari’nan ibarat:

a) yeki buwi’nnan quralg’an toponimler: Yedil, Qumkent, Woyi’l, Jayi’q, Shi’lpi’q ha’m t.b.

b) u’sh buwi’nli’ toponimler:

Qaqpanli taw, Qarg’ali, Jumirli taw, Qubirli taw,Naqiraq ko’l, Astarxan ten’iz, Sarisha ko’l, Sarsebiz say, Qulanli taw, Badalg’i’ to’be, Go’hiqap taw, Ablaysan’ da’rya, Buling’ir da’rya, Arshali tog’ay, G’ig’duan taw, A’lburas taw, Barqiya taw, Zarendin taw, Qubayis taw, Tasbulaq taw, Basbulaq taw ha’m t.b.

v) to’rt buwi’nli’ toponimler:

Abihayat bulaq, Abizamzem bulaq, Abupa’lak bulaq, Urato’be taw ha’m t.b.

Tu’rkiy tillerinin’ ko’pshiliginin’ si’patli’ belgilerinen biri- wolarda singarmonizm ni’zami’ni’n’ bar boli’wi’ sanaladi’.Belgili tyurkolog N.K.Dmitriev singarmonizm ni’zami’ni’n’ ma’nisin ha’m ta’biyati’n si’patlap berdi: « Singarmonizm est odin iz vidov assimilyasii (upodovleniya) zvukov. Zakonchenni’y zvukovoy kompleks, obladayushiy opredelënni’m semanticheskim edinstvom , doljen bi’t vi’derjan i s formalnoy storoni’ t.e. sostoyat iz zvukov maksimalno blizkix v otnoshenim artikulyasii. Esli etot zvukovoy kompleks uje dan istoricheski v vide selnoy leksemi’ , ego sostavni’e zvuki doljni’ bi’t unifisirovani’.Esli etot kompleks formiruetsya na nashix glazax putem slovoobrazovaniya ili slovoizmeneniya , to novie elementi’ ni’ne vxodyashie v ego sostav , doljni’ soglasovatsya s ego prejnim sostavom»[26]

V.V.Reshetov singarmonizm ni’zami’ni’n’ wo’zgesheliklerin tag’i’ da ani’qlan’qi’rap tu’sindirip bergen yedi.[27]

[26] Дмитриев Н.К. Грамматика башкирского языка. М, 1948 , -С. 38.
[27] Решетов В.В. Узбекский язык . ч. 1. Фонетика . Ташкент . 1959 , 295- стр.

Akademik A.Da’wletov wo’zinin’ «Qaraqalpaq tilinde singarmonizm» (No’kis,1993) miynetinde qaraqalpaq tilindegi singarmonizm ni’zami’ni’n’ ta’biyati’n toli’g’i’raq ashi’p bergen , woni’n’ xi’zmetin ani’qlag’an. Ilimpazdi’n’ juwmaqlawi’ boyi’nsha , singarmonizm so’z qurami’ndag’i’ seslerdi u’ylestiretug’i’n, u’nlestiretug’i’n bir so’zdi yekinshi so’zden aji’ratatug’i’n basqasha aytqanda , so’zdegi seslerdin’ basi’n qurap , wolardi’ jekke so’z yetip ko’rsetetug’i’n birden-bir fonetikali’q qubi’li’s boli’p tabi’ladi’.

Uluwma ali’p qarag’anda qaraqalpaq tili singarmonizmi so’ylesiwler qatari’na jatadi’. Singarmonizm wo’z ishine dawi’sli’lardi’n’ (juwan-jin’ishkelik, yerinlik – yeziwlik) garmoniyasi’n ha’m sonday-aq dawi’ssi’zlardi’n’ (yag’ni’y u’nli-u’nli, u’nsiz-u’nsiz boli’p) u’nlesiwin wo’z ishine aladi’.

Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ toponimlerinde singarmonizm ni’zami’,tiykari’nan, tan’lay u’nlesligine iye.Tan’lay u’nlesliginin’ ma’nisi mi’nadan ibarat: so’z bastan-ayaq ya juwan, ya jin’ishke dawi’sli’lari’ bar buwi’nlardan turi’wi’ tiyis.Ma’selen, Yedil, Jayi’q, Qarasuwli’, Qaqpanli’, Qubi’rli’ taw, Qara say, Aq wotaw, Aq bulaq, Qara taw, Qori’q taw, Aq jap, Astarxan, Aqjur,Sari’sha ha’m t.b.

Ayi’ri’m toponimlerde dawi’sli’lardi’n’ tan’lay u’nlesliginin’ buzi’li’w jag’dayi’ ushi’rasadi’: Qumkent, Ko’kbulaq, Miywali’, Da’rbenttaw, Qosto’be, A’lburas, U’rgenda’rya, Aq shu’n’gil, Besmazar, Ko’kshetaw, Sarsebiz, Urato’be, Qi’zi’lsho’l ha’m t.b.

N.A.Baskakovti'n' pikiri boyi'nsha, tan'lay u'nlesligine bag'i'nbaytug'i'n so'zlerdin' basi'm ko'pshiligi basqa tillerden kirip kelgen so'zler yamasa yeki yamasa wonnan arti'q tu'birlerdin' birigiwinen quralg'an qospa so'zler boli'p tabi'ladi'.[28]

Toponimlerde yerinlik dawi'sli'lardi'n' garmoniyasi' ushi'raspaydi', al ushi'rasqan menen wol qi'rg'i'z ha'm altay tillerindegidey sistemali' ha'm turaqli' si'patqa iye yemes.[29]

Qaraqalpaq tilinde dawi'sli'lardi'n' labialli'q singarmonizmi degennen birinshi buwi'ndag'i' yerinlik dawi'sli'lardi'n' yekinshi buwi'ndag'i' qi'si'q yeziwlik dawi'sli'lardi' sa'ykes yerinlik dawi'sli'larg'a aylandi'ri'wi' tu'siniledi.[30] Soni'n' menen birge, akademik A.Da'wletovti'n' duri's ko'rsetkenindey, qaraqalpaq tilinde ko'p buwi'nli' so'zlerde yerin u'nlesligi toli'q saqlanbaydi'.[31]

Toponimlerdin' dawi'sli'lar tarawi'nda basqa fonetikali'q qubi'li'slar (ma'selen, seslerdin' tu'sip qali'wi', t.b.) ushi'raspaydi'.

---

[28] Баскаков Н.А.  Каракалпакский язык. Т.II. Фонетика и морфология. М,1952, -С. 35.
[29] Богородичкий В.А.  Введение в татарское языкознание. Казань, 1953, -С. 117.
[30] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили.Фонетика. Нөкис,1999, 295-бет.
[31] Дәўлетов А. Қарақалпақ тилинде сингармонизм. Нөкис, 1993, 47-бет.

## QARAQALPAQ XALIQ DA’STANLARINDAG’I TOPONIMLERDIN’ MORFOLOGIYALIQ QURILISI

Qa’legen territoriyadag’i’ toponimlerdin’ morfologiyali’q quri’li’si’n lingvistikali’q jobada izertlew aktual ma’selelerdin’ birinen yesaplanadi’.Sonli’qtanda toponimlerdin’ grammatikali’q quri’li’si’ bir qatar izertlewshilerdin’ ilimiy miynetlerinde ha’r tu’rli tillerdin’ materiallari’nda tu’rlishe ashi’p ko’rsetilgen.Ma’selen, A.A.Kamalov bashqurt tilindegi gidronimlerdi u’sh tipte qarag’an.

Birinshi tipke tek gidrogeografiyali’q terminlerden quralg’an gidronimler kiredi.

Yekinshi tiptegi gidronimler atributivlik sintagmag’a iye, woni’n’ ani’qlani’wshi’ bo’legi atli’qlar yamasa geografiyali’q terminler arqali’ an’lati’ladi’, ani’qlawshi’ bo’legi kelbetlikler, atli’qlar, sanli’qlar, feyiller menen bildiriledi.

U’shinshi tipke elliptikali’q gidronimler, yag’ni’y obyektti an’latatug’i’n sa’ykes terminlersiz atamalar jatadi’. Bul tiptegi gidronimler morfologiyali’q qurami’ boyi’nsha jay ha’m qospa gidronimler boli’p bo’linedi.[32]

Tu’rkiy geografiyali’q atamalardi’n’ quri’li’si’ boyi’nsha bir qansha toli’q materiallar O.T.Molchanovani’n’ «Strukturni’e tipi’ tyurkskix toponimov Gornogo Altaya» (Saratov,1982) atli’ monografiyasi’nda berilgen. Wol bul miynetinde Tawli’ Altay tu’rkiy toponimlerdi ha’r ta’repleme analizlegen.

[32] Камалов А.А. Гидронимия. Башкирии. АКД, Уфа, 1969.

O.T.Molchanova toponimlerdin’ affikssiz ha’m affiksli jasali’wi’n bo’lip ko’rsetken.

S.M.Molla-zade Arqa Azerbayjan toponimlerin uluwma u’sh toparg’a bo’lgen: 1) leksikali’q usi’l menen jasalg’an toponimler; 2) morfologiyali’q usi’l menen jasalg’an toponimler; 3) sintaksislik usi’l menen jasalg’an toponimler.[33]

K.F.Grisenka Yakutiyadag’i’ da’rya ha’m ko’l atamalari’n quri’li’si’ boyi’nsha to’mendegi u’sh toparg’a bo’lgen:[34]

1) Toli’q atamalar.Toli’q atamalarda atributivlik bo’legi, yag’ni’y ani’qlawi’sh.a) g’alabali’q atli’qlar; b) do’rendi yemes kelbetlikler;
v) do’rendi kelbetlikler; g) sanli’qlar; d) feyil formalari’ arqali’ an’lati’ladi’.
2) Qi’sqarg’an atamalar.
3) Jay do’rendi yemes atamalar.

G.F.Sattarov Tatarstan toponimleri quri’li’si’ni’n’ to’rt tipin ko’rsetedi.[35]

Birinshi tip yen’ ken’ taralg’an tip boli’p, bul «ani’qlawi’sh+ani’qlani’wshi’» konstrukciya. a) ani’qlawi’sh xi’zmetinde ko’pshilik jag’dayda kelbetlikler qollani’ladi’. b) ani’qlawi’sh xi’zmetinde atli’q keledi, wol «atli’q+atli’q» (izafet konstrukciyasi’n jasaydi’).

Yekinshi tip yekinshi komponenttin’ tu’sip qali’w na’tiyjesinde jasalg’an, yag’ni’y geografiyali’q termin bolmaydi’.

U’shinshi tip atributivlik bo’legi joq toponimlerdi quraydi’.

---

[33] Молла-заде С.М. Топонимия северных районов Азербайджана. АДД. Баку, 1978.
[34] Грисенко К.Ф. Названия рек и озер Якутии. АКД. Томск, 1967.
[35]Саттаров Г.Ф. К вопросу о лингвистическом изучении татарской топонимики.//Вопросы методологии и методики лингвистических исследований. Уфа, 1966.

Tatar toponimlerinin’ to’rtinshi tipi atli’qlardi’n’ feyiller menen qosi’li’wi’ arqali’ jasaladi’.

O.A.Sultanyaev qazaq toponimlerinde wo’z aldi’na yeki bo’lek tipti ko’rsetedi:[36] atawi’sh konstrukciyali’ ha’m feyil konstrukciyali’ geografiyali’q atamalar.

G.I.Donidze tu’rkiy toponimlerdi jay ha’m qospa toponimlerge bo’ledi.[37]

Qubla Qi’rg’i’zstan toponimlerinin’ quri’li’si’n izertley woti’ri’p, K.Konkobaev geografiyali’q atamalardi’ jay ha’m qospa toparlarg’a aji’ratadi’.Wol jay ha’m qospa atamalarg’a u’shinshi topardi’ qurama atamalardi’ qosadi’.[38]

F.G.Garipova boyi’nsha Tatarstan gidronimleri uluwma yeki toparg’a bo’lingen: jay gidronimler ha’m qospa gidronimler. Jay gidronimlerdin’ wo’zin jay do’rendi yemes (affikssiz) gidronimler ha’m jay do’rendi (affiksli) gidronimlerge bo’lip qarag’an.[39]

Qaraqalpaqstan toponimlerinin’ quri’li’si’ Q.A’bdimuratov ha’m T.Begjanovti’n’ ilimiy maqalalari’nda so’z yetiledi.[40] Wonda toponimler jay ha’m qospa atamalarg’a bo’lip qaralg’an.

Haqi’yqati’nda da, qaysi’ bir tildegi toponimlerdin’ quri’li’si’n ali’p qarasaqta, wolar quri’li’si’ boyi’nsha jay ha’m qospa atamalar boli’p toparlarg’a bo’lingen.

---

[36] Султаньяев О.А. Топонимика Кокчетавской области. АКД. Томск, 1969.
[37] Донидзе Г.И. О грамматической характеристике тюркских топонимов.//Ономастика Поволжья.Горький 1971, 123-бет.
[38] Конкобаев К. Топонимия Южной Киргизии. Фрунзе, 1980, 133-бет.
[39] Гарипова Ф.Г. Исследования по гидронимии Татарстана. М, 1991, 82-102-бетлер.
[40] Бегжанов Т., Әбдимуратов К. Структура каракалпакских топонимов.// Советская тюркология. 1971,№6, 85-88-бетлер.

Toponimikali’q atamalar qaysi’ tilge tiyisli bolsa, sol tildin’ so’z jasaw tipleri boyi’nsha payda boladi’.Toponimlerdin’ jasali’w usi’llari’ ha’m qurallari’ qa’legen milliy til ushi’n wo’zinin’ normalari’ ha’m qag’i’ydalari’na iye.

Tu’rkiy tillerde so’z jasali’w V.A.Gordlevskiy, I.A.Batmanov, N.P.Di’ryankova, N.K.Dmitriev, A.N.Kononov, N.A.Baskakov, E.V.Sevortyanni’n’ ha’m basqalardi’n’ miynetlerinde izertlendi.

Qaraqalpaq til biliminde N.A.Baskakov, A.Najimov, A.Bekbergenovlardi’n’ izertlewlerinde so’z jasali’w ma’selelerine ayri’qsha di’qqat awdarg’an.[41]

Ji’ynalg’an toponimlerdin’ analizi soni’ ko’rsetti. Qaraqalpaq xali’q da’stani’ndag’i’ toponimler morfologiyali’q quri’li’si’ boyi’nsha yeki uluwma toparg’a – jay ha’m qospa toponimler boli’p bo’linedi.

Jay toponimler

Jay toponimler bir so’zden jasali’p,tu’bir (qosi’mtasi’z) ha’m do’rendi (qosi’mtali’) toponimler boli’p yekige bo’linedi.Tu’bir toponimler morfemalarg’a aji’rati’wg’a bolmaytug’i’n so’zlerden jasali’p, da’stanlarda toponimler qurami’ni’n’ yen’ az bo’legin quraydi’:Shi’lpi’q, Shayyad.

Qospa toponimler

Qaraqalpaq tilindegi qospa so’zler 1970-ji’llarg’a deyingi miynetlerde sintaksislik usi’l menen jasaladi’,[42] al 1980-ji’llardan keyingi sabaqli’qlarda

[41] Баскаков Н.А. Каракалпакский язык II, Фонетика и морфология. М.,1952; Нажимов А. Қарақалпақ тилиндеги жуп ҳәм тәкирар сөзлер. Нөкис,1979; Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис,1979.

morfologiya-sintaksislik usi’l menen jasaladi’,- dep qarali’p keldi.[43] A.Bekbergenov wo’zinin’ miynetlerinde qospa so’zler so’z qosi’li’w usi’li’ menen jasaladi’,- degen termindi qollandi’.[44]

Qospa so’zler yeki ha’m wonnan da ko’p so’zlerdin’ birigip bir ma’ni an’lati’p qollani’li’wi’nan jasaladi’.

Qospa so’z jay so’zden wo’zine ta’n bolg’an bir qatar wo’zgeshelikleri arqali’ aji’rali’p turadi’.

Qospa so’z yen’ keminde yeki  so’zden (tu’birden) turadi’, al jay so’z tek bir tu’birge iye.Qospa so’z qurami’ndag’i’ so’zler belgili bir turaqli’ ta’rtipte qa’liplesedi, sonli’qtanda wolardi’ biri birinen aji’rati’wg’a yamasa wolardi’ wo’z ara wori’n almasti’ri’wg’a bolmaydi’.

Qospa so’z wo’zinin’ quri’li’si’na, ma’nisine ha’m xi’zmetine qaray tildegi so’z dizbeklerinen de aji’raladi’.

Qospa so’z yeki ya wonnanda ko’p tu’birlerdin’ bir ma’ni bildirip qollani’li’wi’nan qa’liplesedi, yag’ni’y woni’n’ komponentleri qosi’li’p bir ma’ni an’latadi’, al so’z dizbegi ha’r qanday jekke ma’nili yeki ha’m wonnanda arti’q so’zlerdin’ belgili bir sintaksislik baylani’sta keliwinen jasaladi’ ha’m woni’n’ komponentlerinin’ ha’r qaysi’si’ wo’zinin’ leksikali’q ma’nisin saqlaydi’.

---

[42] Баскаков Н.А. Каракалпакский язык.т.II. Фонетика и морфология. М,1952,170-бет. Қыдырбаев А. Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги атлық сөзлер. Нөкис,1961,48-бет. Ҳәзирги қарақалпақ тили.Морфология.1974,17-бет.
[43] Ҳәзирги қарақалпақ тили.Морфология. Нөкис,1981.
[44] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис,1979.

Solay yetip, qospa so’z dep yeki  ha’m wonnanda ko’p so’zlerdin’ (tu’birlerdin’) qosi’li’wi’nan jasali’p, komponentlerinin’ jekke ma’nilerinen wo’zgeshe ma’nige iye bolatug’i’n, so’ylewde uluwma bir pa’t penen ayti’li’p ha’m ga’pte bir ag’zani’n’ xi’zmetin atqaratug’i’n so’zlerge aytami’z.

Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ toponimiyasi’nda qospa atamalar ju’da’ ko’p ushi’rasadi’.Belgili sandag’i’ toponimlerdin’ jasali’wi’nda ha’r qi’yli’ ma’nilerge iye bolg’an so’z (yamasa wonnanda ko’p so’z) qatnasadi’, wolardi’n’ birewi uluwma geografiyali’q obyektti an’latsa, al yekinshisi ani’qlawshi’ si’pati’nda jumsaladi’.

Quri’li’si’ jag’i’nan qospa toponimnin’ ha’r bir komponenti ani’qlawi’sh  ha’m ani’qlawshi’dan quralg’an jay ha’m qospa so’z boladi’.

Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ toponimiyasi’nda qospa atamalardi’n’ qurama ha’m birikken tu’rleri ko’plep ushi’rasadi’.

Qurama atamalar.

Qurama so’zlerdin’ komponentleri buri’nnan dizbeklesip, turaqli’li’q qa’siyetke iye boladi’.

Qurama so’zlerge yeki yamasa wonnanda arti’q so’zlerden qurali’p, bir-biri menen qanday da bir ma’nilik qatnasqa tu’sken, bir pu’tin tu’sinikti, birlikti an’latatug’i’n so’zler jatadi’.

Qurama atama bir neshe so’zden qurali’p bir ken’ ma’ni an’latadi’.Woni’n’ komponentleri biri birinen aji’rali’p, bo’lek-bo’lek  so’z tu’rinde tursa da, ma’nilik jaqtan wolar turaqli’ boli’p birigip qa’liplesedi.

Qurama atamalar yeki ha'm wonnanda arti'q so'zlerdin' dizbeginen turi'p, uluwma bir tu'sinikti an'latadi', sonli'qtan da ma'nisi jag'i'nan wol bir so'zge barabar boladi'.Qurama so'zdin' komponentlerinin' worni' turaqli' boli'p qa'liplesedi, sonli'qtan da wolardi' wori'n almasti'ri'wg'a yamasa wolardi'n' aralari'na basqa so'z qosi'wg'a bolmaydi'.

Qurama atamalardi'n' ma'nilik tu'rleri ko'p ha'm ha'r qi'yli'.Wolardi' toli'q qamti'ytug'i'n belgili bir semantikali'q toparlarg'a bo'lip qaraw mu'mkin yemes.Sonli'qtan da qurama toponimlerdi quri'li'si' boyi'nsha klassifikaciyalap, wolardi'n' izafetlik tiptegi so'z dizbeklerinen qa'lipleskenligin belgilew mu'mkin.Mi'sali': Sari' taw, Qubi'rli' taw, Aq bulaq, Qara ko'l, Qi'rq bulaq, Sari'sha ko'l, Qi'zi'l sho'l, Qara da'rya, Quwli' ko'l ha'm t.b.

## Birikken atamalar

Birikken so'z ha'r qanday yeki yamasa wonnanda arti'q tu'birlerdin' birigiwinen jasaladi'.Woni'n' qurami'ndag'i' so'zler wo'zinin' tiykarg'i' ma'nisin wo'zgertip, basqasha jan'a ma'ni an'latadi'.

Birikken so'zler qospa so'zlerdin' basqa tu'rlerinen to'mendegi belgileri arqali' aji'raladi': 1)birikken so'zdin' ma'nisi woni'n' komponentlerinin' ma'nisinen basqasha ha'm ken'irek boladi'; 2)birikken so'zler ayti'li'wda intonaciya jag'i'nan bir boli'p, jazi'li'wda woni'n' komponentleri geyde fonetikali'q wo'zgerislerge ushi'rap qollani'ladi', sonli'qtan da birikken so'z komponentlerinin' arasi'nda grammatikali'q baylani'sti' seziwge bolmaydi'.

Birikken so’z formalari’ barli’q ma’nilik so’z shaqaplari’nda ushi’rasadi’.Qospa toponimlerdin’ qurami’nda atli’q, kelbetlik, sanli’q ha’m feyil so’zlerinin’ ushi’rasatug’i’nli’g’i’n ko’remiz.Bul so’z shaqaplari’ qospa toponimlerdin’ qurami’nda wo’z ara kelisiw, basqari’w, izafet ha’m jupkerlesiw arqali’ baylani’sadi’.Wolardi’n’ arasi’nda so’z jasawshi’ ha’m so’z wo’zgertiwshi affiksler de boladi’.

Birikken toponimler ha’r qi’yli’ ma’nige iye bolg’an yeki tu’birdin’ birigip, bir jan’a ma’nige iye boli’wi’nan jasaladi’. Wolardi’n’ qurami’nda ha’r qi’yli’ so’z shaqaplari’ ha’r qi’yli’ formalarda kele beredi.

Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ndag’i’ birikken toponimler qurami’ jag’i’nan to’mendegi tu’rlerde ushi’rasadi’:

1. Yeki atli’qti’n’ jupkerlesip birigiwinen jasalg’an birikken toponimler: Jumi’r taw, Qubi’r taw, Da’rbent taw, La’ylek ko’l, Ha’ser taw, Aral ten’iz, Ura to’be, Xoja ko’l.

2. Kelbetlik ha’m atli’qti’n’ birigiwinen jasalg’an toponimler: Sari’ taw, Jumi’rli’ taw, Aq wotaw, Aq bulaq, Qara taw, Aq da’rya, Qara ko’l, Sasi’q ko’l, Aq tikenli, Sari’ qum, Ala taw, Aq to’be, Aq sha’shme, Asqar taw.

3. Sanli’q ha’m atli’qti’n’ birigiwinen jasalg’an toponimler: Besmazar, Qi’ri’q bulaq.

4. Atli’q ha’m feyildin’ birigiwinen jasalg’an toponimler: Qumketken.

Birikken toponimler basqa qurama toponimlerge sali’sti’rg’anda qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda ko’p mug’darda ushi’rasadi’.

Solay yetip, jay toponimlerge sali’sti’rg’anda qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda qospa toponimlerdin’ tu’rleri bir qansha wo’nimli qollani’ladi’. Wolar, tiykari’nan qurama ha’m birikken atamalar tu’rinde ushi’rasadi’. Qospa toponimlerdin’ du’zilisi boyi’nsha tu’rlerinin’ ishinde a’sirese birikken toponimler ko’birek ushi’rasadi’ ha’m wolar ha’r qi’yli’ modelde qollani’ladi’.

# Juwmaq

Qaraqalpaqstan toponimikasi'ni'n' payda boli'wi' ha'm rawajlani'wi' sol aymaqta jasawshi' xali'qti'n' uzaq tariyxi'y wo'tmishi, ja'miyetlik, siyasi'y, ekonomikali'q ha'm ma'deniy turmi'si' menen ti'g'i'z baylani'sli' boli'p keledi. Wol tek til bilimi ushi'n g'ana yemes, tariyx, geografiya, etnografiya ha'm ma'deniyat tariyxi' ushi'n da biybaha materiallar bere aladi'. Qaraqalpaq da'stanlari'ndag'i' toponimler yelede ken'irek izertleniwdi talap yetetug'i'n, yele ashi'lmag'an si'rlarg'a toli', ma'selelerden boli'p tabi'ladi'. Sebebi, da'stanlarda birqansha toponimlerdin' atlari', wolardi'n' ishindegi gidronimler, oronimler, oykonimlerdin' ayri'mlari'ni'n' yelede ayti'li'p ju'rgenligin, wori'nlari'ni'n' saqlang'anli'g'i'n ko'rsek boladi'. Qaraqalpaq tilinin' onomastikasi'n ha'r ta'repleme izertlew wog'ada a'hmiyetli. Wolardi' yelede teren' ha'r ta'repleme izertlesek, bul arqali' xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'na baylani'sli' biybaha materiallar menen bayi'tqan, tu'sindirme so'zliginde terminler qurami' da ken'eygen bolar yedi.

Toponimika qaraqalpaq til biliminin' yen' jas tarawi'. Ha'zirgi waqi'tta woni' izertlew, u'yreniw mu'mkinshiligi ku'sheydi. Sebebi toponimikali'q materiallar arqali' yeski leksikali'q qatlamlar, grammatikali'q formalar, xali'qti'n' u'rp-a'detleri, etnogenezi ha'm t.b. ko'rinedi. Sonday-aq toponimikali'q materiallar arqali' ko'plegen tariyxi'y si'rlar, yertedegi xali'qlardi'n' ekonomikali'q ha'm ma'deniy qari'm-qatnaslari', til wo'zgeshelikleri ani'qlanadi'.

So'zdi du'zilisi jag'i'nan u'yreniw, woni'n' qanday bo'leklerden turatug'i'nli'g'i'n ani'qlaw u'lken a'hmiyetke iye. Sonli'qtan da, biz

jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ obyekti yetip qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ndag’i’ toponimlerdin’ qollani’li’wi’n, fonetikali’q ha’m morfologiyali’q du’zilisin u’yreniwdi maqset yetip qoydi’q. So’zdi du’zilisi boyi’nsha u’yreniw so’zdin’ qurami’ndag’i’ ha’r qi’yli’ birliklerdin’ ta’biyati’n ashi’p ko’rsetedi, wolardi’n’ xi’zmetlerin ha’m ma’nilerin ani’qlawg’a ja’rdem yetedi, yag’ni’y so’zdin’ etimologiyasi’ ani’qlanadi’.

Bizin’ ali’p barg’an jumi’si’mi’zdi’n’ na’tiyjesinde toponimlerdin’ to’mendegi fonetikali’q wo’zgesheliklerinin’ bar yekenligi ani’qlandi’.

Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ndag’i’ toponimler yeki ha’m wonnan da arti’q buwi’n sanlari’nan ibarat.

Quri’li’si’ jag’i’nan da’stanlardag’i’ toponimler jay ha’m qospa toponimler boli’p bo’linedi. Jay toponimlerge sali’sti’rg’anda qospa toponimler qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda ju’da’ ken’ qollani’ladi’. Wolar qurama ha’m birikken atamalar tu’rinde ushi’rasadi’. Qospa toponimlerdin’ du’zilisi boyi’nsha tu’rlerinin’ ishinde a’sirese birikken toponimler ko’birek ushi’rasadi’.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR


1. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тарраққиёт йўли. Тошкент, Ўзбекистон, 1992.
2. Абдураҳманов А. К вопросу о методах этимологического исследования топонимов Казахстана. // Тюркская ономастика. Алма-ата, 1984.
3. Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? «Қарақалпақстан» Нөкис,1965.
4. Әбдимуратов Қ. Қарақалпақстан топонимикасы ҳәм оны изертлеў мәселелери. // Әмиўдәрья, 1965, №2, -Б. 119-125.
5. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II том. Фонетика и морфология. М., 1952.
6. Бегжанов Т., Абдимуратов К. Структура каракалпакских топонимов. // Советская тюркология. 1971. №6, -Б. 85-88.
7. Бекбаулов У. Топонимы Приаралья как источник изучения истории каракалпакского народа. // Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана, 1970, №4, -Б.60-65.
8. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалаўы. Нөкис, 1979.
9. Дәўлетов А. Қарақалпақ тилинде сингармонизм. Нөкис, 1993.
10. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис. 1994.
11. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Морфемика. Морфонология. Сөз жасалыў. Морфология. Нөкис, 2010.
12. Дўсимов З., Тиллаев М. Топонимика асослари. Тошкент, 2002.

13. Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. Нөкис, 1990.

14. Қарақалпақ фолклоры. Көп томлық, I том.

15. Алпамыс дәстаны Хожамберген Ниязов варианты (Өгиз жыраў) жазып алған; проф. Қ.Айымбетов 1934-жыл

16. Қарақалпақ фолклоры. Көп томлығы II том, Алпамыс дәстаны Есемурат жыраў Нурабуллаев варианты, жазып алған; Рамберген Хожамбергенов 1957-жыл.

17. Қарақалпақ фолклоры көп томлығы IX том. Қырық қыз дәстаны Қурбанбай жыраў варианты, жазып алғанлар; Бегимов А., Хожаниязов Ш., Мәжитов С., 1938-жыл.

18. Қарақалпақ фолклоры көп томлығы X том

19. Мәспатша дәстаны Қайыпназар жыраў Қәлимбетов варианты, жазып алған; Алиев А. 1960.

20. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги I том 1982

21. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги II том 1984

22. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги III том 1988

23. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги IVтом 1992

24. Қарақалпақ тил билиминиң тарийхы. Нөкис.2001

25. Қараев С. Топонимика. Тошкент, 2006

26. Телхожа Жанузақ. Қазақ ономастикасы. I том. Алматы, 2006.